

REGINIPOEN LENGGANAN
 SWARA - TAMA :

1 taon	f 6.—	} njoewoen ka-	
1/2 "	f 3.—		} bajar roemijin.
3 woelan	f 1,50		

Kénging mbajar saben woelan)

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja	f 36.—
1/2 "	f 18,65.
1/4 "	f 9,75.
1/8 "	f 5,25.

Saladjengipoen : saben 1 cm² f 0,03;
 sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premili alit - alitan : f 1.—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
 san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
 roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemoewah. ==

Hoofdredacteur:
 A. DJAJASEPOETRA.
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèspoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA
 Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canistus” Diokja.

MISSIE TOEWIN ZENDING.

Pakèwed ingkang badé dateng.

Panggajoe oetami boten wonten ingkang sepeu pakèwed. Boten wonten ingkang tanpa riribed.

Serat kabar *De Locomotief* tanggal 12 Djoeni, ngewrat karangan bab tjalon pakèwedipoen Missie toewin Zending ing tanah Hindoes-tan, awawaton antepipoen Gandhi toemrap Missie toewin Zending.

Sawoelan kapengker, Gandhi tjarijos ingkang loegoenipoen ing basa Walandi makaten:

„Het maken van bekeerlingen door Zending en Missie onder het mom van philanthropischen arbeid, stuit de Indiërs zeer tegen de borst. Is er eenige reden om van geloof te veranderen, omdat een Christelijke dokter mij van een ziekte heeft genezen?”

„Waarom moet een Indiër de Christelijke leer worden opgedrongen gedurende zijn verblijf in een school der Zending?”

„Wij zijn niet tegen de methoden der bekeering. Maar het is een groot gebrek dat de methoden der bekeering geen geloof is volbragt. Wat noodig is, is een vriendschappelijk contact tusschen de aanhangers der groote godsdiensten der wereld, en geen botsingen tusschen hen, als gevolg van vruchteloze pogingen van een deel der aanhangers van eenigen godsdienst om aan te toonen dat de ene godsdienst beter is dan de andere.”

(Tjara Djawinipoen kirang langkoeng makaten):

„Eggoné Missie lan Zending angingiroep teloekean agama nganggo atotopèng panggawé betjik, ike ora gawé senengé wong-wong Hindoe.”

Apa doepèh akoe dikemonah dokter Kristen nganti dadi lan waraskoe, bandjoer andjalari akoe koedoe salin agama?

Jagéne déné wong Hindoe kalané sakolah ana sakolahan Zending didjoedjoe wawarah Kristen?

Akoe iki ora nglawan pamartobat, nanging nglawan tjarané anggoné martobataké wong-wong.

Ora ana pangandel (agama) sing sampoerna. Sing perloe ikeo pamitrané para sakabaté agama-agama sing gedé ing donja iki. Dadi ora teka malah pasolelajan, kang doemoenoeng dadi kadadéjané pangoe di kang tanpa woh, saka sawenéhing sakabating agama anggoné arep noedoehaké jèn agama sidjné loewih betjik tinimbang lijané”

Makaten tjarijosipoen panoentoen ageng ing tanah Hindoes-tan. Temboeng - temboengipoen Gandhi kaseboet nginggil boten sakedik ar-tosipoen toemrap kita.

„Apa doepèh akoe disarasaké ing dokter Kristen bandjoer marakaké akoe koedoe salin agama? Jagéne déné wong Hindoe kalané sakolah ana ing pamoelangan Zending didjoedjoe-djoedjoe wawarah Kristen?”

Margi pitakénan waoe, sami kémawon kalijan. Gandhi tjarijos makaten: Missie lan Zending. Kowé kena nganakaké sekolah lan roemah-sakit. Nanging adja mentjaraké agama kaja mangkonu.

Pihak Missie lan Zending anggadahi wawaton anggénipoen mentjaraken agami waoe margi wonten dawoeh timbalanipoen Allah: „Sira loengaa lan sira woelangna kabéh dawoehingsoen marang sakabéhé bangsa”

„Jagéne déné wong Hindoe kalané sakolah ana pamoelangan Zending didjoedjoe-djoedjoe wawarah Kristen?”

Pitakénan poenika djodonipoen dipoentoeki pitakén: „ Jagéne déné moerid-moerid ing sakolahan-sakolahané Tagore, dileboni antep-Tagore? Jagéne ing sakolahan-sakolahan doewéké kaom kabangsan dileboni gagasan kabangsan?”

Nanging sanadjan makatena, ngrasoek agami poenika déné peksan. Jèn peksana sami kalijan. Missie toewin Zending boten angakeni kamardikaning tjang. Mangka njatani-poen boten makaten.

„Kita ora nglawan pamartobat, nanging nglawan tjarané anggoné martobataké” — „Wij zijn niet tegen bekeering, maar tegen de methoden der bekeering.”

Jèn „methoden” kadjengipoen ing riki: tjara peksan (opdringen), koela malah inggih toemoet tegen. Nanging manawi boten makaten, ladjeng tjara ingkang kados-poendi ingkang kedah dipoenanggé ing golongan Missie toewin Zending? Wangsoelanipoen prakawis poenika prajogi dipoenpasrahaken Gandhi pijambak.

„Ora ana agama sing sampoerna.” — Kajakinan makaten poenika boten perloe dipoenpabeni. Poenika wawasan ingkang boten dipoenboen-tasaken. Wawasanipoen tjang ingkang bokmanawi kémawon njingkoer Goesti Allah toeking sampoerna.

„Sing perloe koewi roekoéné para sakabating agama! Adja pasolelajan, marga tandangé para sakabat kang pada apik-apikan agama!”

Tétéla Mahatma Gandhi gadah wawaton: roekoén. Ingkang makaten waoe kita aosi sanget. Lan wonten ing Sw. Tm. ngriki sampoén wong-sal-wangsoel koela njoewanten „adja padoedon prakara agama.” Sinten kémawon saged anoelarakén agaminipoen tanpa njerikakén golongan sanès. Awit manawi mawi njerikakén, wohipoen inggih kados ing nagarinipoen Gandhi: golongan Hindoe sami pentoeng-pentoengan kalijan Islam.

Watak roekoén, verdraagzaamheid, ingkang doemoenoeng ing Gandhi lan katoelar-toelarakén pantès dipoenenoet! Nanging sampoen ngantos roekoén waoe kaanggé dadamel merangi pentjaring agami poenapa kémawon.

Langkoeng tjeta malih manawi kita mawas sedyanipoen Gandhi mawi temboengipoen *Nuwe Rott. Crt.* ingkang oegi kapetik wonten *De Locomotief* kaseboet nginggil. Koran waoe njarijosaken:

„Samangsa tanah Hindoe wis mardika, mangka Zending lan Missie isih teroes baé anggoné ne-loekaké wong-wong Hindoe soepaja ngrasoek agamané, Gandhi bakal ndjaloké soepaja Zending lan Missie dilongakaké saka tanah Hindoe.

Gandhi tjotjog baé karo Zending lan Missie waton pakarjané moeng loegoe pakarjan betjik. (—grija sakit lan sakolahan —) dadi ora mentjaraké agama. Awit tanah Hindoe kang woes soesila ora boetoeh agama saka mantja.”

Poenapa inggih temen boten betah dateng agami waoe? Koela boten mangertos doenoengipoen pangang-gep makaten poenika. Awit njatani-poen, pinten éwoe kémawon tjatjahipoen tjang Hindoe ingkang santon agami déné agami Hindoe? Koela ningali kawontenan ing tanah kita pijambak: boten sakedik tjatjahipoen tjang ingkang pados toja bening, ngoepados ngèlmoé sedjati, ngoepados agama sanjata.

Para panoentoen sampoen kasasa amastani: wong kéné ora boetoeh!

Sadèrèk! Temboengipoen Gandhi kaseboet nginggil poenika *sasmita* ingkang kedah kita tanggapi. Kalé-béting gendéra sampoen katingal. Kita ngoelataken, lan inggih moelat.

A. S. D.

PRADJA RAHAJOE.

KLATÈN.

Miwaha Patih Dalem Soerakarta. Tanggal 10 Mei '31 plataran Kaboepatèn sampoen kebak prijan-toen abdi dalem, goeperménan saha golongan partikelir, sami mangagem atéla petak, oetawi tjara landi. Para prijantoe waoe sami kapotrèt ambal-ambalan; ladjeng sami lenggahan wonten pandapi Kaboepatèn, sinambi ngoendjoké kopi mèlk, ses sroetoe,

teroes dahar sarapan sasarengan. Boten dangoe pandjenenganipoen M. Dr. Soeradji medar sabda, kondjok pandjenengan dalem ndara Menggoeng, ingkang soeraosipoen kirang langkoeng makaten:

Sarèhning pandjenengan dalem Kangdjeng adipati, papatih dalem Soerakarta, ginandjar seboetan „Pangéran” saha sapoenika djoedjoeloe Kangdjeng Pangéran Harja Hadi-pati Djajanagara, para kawoela (pendoedoek) ing Klatèn sami andèrèk bingah toewin tanda soepetipoen para kawoela waoe ngoen-djoekaken lèmké panjeratan, mawi katéplékan potrèt poenapa déné album isi gambar-kamadjenganipoen Klatèn salebetipoen 15 taon, inggih poenika salebetipoen Kangdjeng Pangéran Harja adipati Djajanagara dados warangka ing Soerakarta. Ingkang poenika samangsa barang waoe sampoen dados, pandjenengan dalem ndara Menggoeng, kasoewoen kaparenga ngoendjoekaken tanda soengkem waoe dateng pandjenengan dalem Kangdjeng Pangéran Harja. Ladjeng kawangsoelan déning Bandara Menggoeng kirang langkoeng makaten: Sakalangkoeng soeka pirenani-poen déné para kantja kerajara-sami tjaoe tanda soemoengkem dateng Kangdjeng Pangéran Harja, samangsa barang sampoen katampèn, badé ladjeng kaendjoekaken kanti bingah dateng ingkang wadjab. Bandara Menggoeng sakalangkoeng soeka ing galih déné praprijantoe sa-joek roekoén, raket soepeket. Ing wasana kanti pamekti moegi samia angsal berkahing Goesti Allah awèta anggénipoen sami dados sadèrèk. Telas pangandika dalem, keplok mawoerahan, ladjeng bbaran.

Sigeg ganti tjajarita, berhoebong kalijan poenika, sadèrèk golongan goeroe R. K. boten sami katingal andèrèk miwaha, sabab poenapa? amargi sami boten mireng, boten dipoenolemi, boten dipoen-djawil; bokmanawi pantjèn dipoen-sengadja, boten dipoenmirengi sebab moendak teka, wong kristen sok noelari, karo manèh mangsa doewéja atéla; déné anggén koela saged merslag poenika djalaran anggèna koela noengsoeng warta dateng ingkang ndèrèk miwaha lan oegi kénging pinitados. Margi boten mireng bilih Kaboepatèn wonten wihahan, kelatjoeting gagasan warni-warni: mangké gèk dipoenpanggalih, anggénipoen boten sami ndèrèk miwaha poenika boten njaroedjoeki wontenipoen Papatih dalem Soerakarta ginandjar seboetan „Pangéran.” Makaten kelatjoeting gagasan koela; ning kok mokal, ngroedjoeki ora ngroedjoeki golongan R.K. ketemoé pirang prakara; kadjawi jèn koela pijambak pantjèn pangéran, samini-poen djaman éwah-éwahan ass. resident dadas resident, ingkang resident dados goepernoer, poenika temtoenipoen sawenèh wonten ingkang mbatos boten ngroedjoeki, djer roemaos kadesoek, mentas lambéjan ladjeng ngapoerantjang.

Pantjèn taon poenika golongan goeroe R. K. Klatèn ragi sijal, adat ingkang sampoen kalampahan saben taon wonten sèrkoelèr oetawi oelem dateng para prijantoe, déné golongan goeroe R. K. oegi boten kantoen, ingkang soeraosipoen dinten anoe pandjenenganipoen bandara Menggoeng saged nampi, prijantoe ingkang sami badé saos bekti (alal-bahalal).

Nanging taon poenika golongan goeroe R. K. oegi kelangkoengan, boten dipoendjawil, boten kampiran sèrkoelèr, dados inggih boten wonten ingkang saos bekti kados ingkang sampoen - sampoen. Sampoen temtoe kémawon ladjeng dados gagasan, poenapa sababipoen, déné ngantos boten kampiran sèrkoelèr oet. oelem. Déne saking pamanggih koela temtoe boten saking kersani-poen ndara Menggoeng, nanging bokmanawi saking karsanipoen ingkang pinatah pinitados damel oelem, mila ladjeng koela koewatosaken bilih bandara Menggoeng mangga-

lih: golongan goeroe R. K. kok da ora gelem teka Oetawi déning ingkang pinatah damel oelem, pantjèn kadjarag, djer dipoenmanah, adaté jèn teka sok moerang tata, makaten kelatjoeting gagasan koela. Déne jèn pantjèn dipoenmardikak-aken kanti renaning panggalih inggih sokoer, matoe noewoen, djer manganggé dines atéla, doewoengan, tjekok oebet, poenika boten nama kasenangan. Lontjèng Klt.

WOHIPOEN IDJAB PEKSAN!

Nalika tg.: 1 Juni '31, ing doesoén Patoek-pangoeng, kaloerahan Ngandong réh onderdistrict Toeri, district Sléman Dk. lèr, mentas wonten tjang èstri pedjah, margi anggoeloeng wonten ing pèrèng. Menggah larah-larahipoen badé koela andaraken, soepados tjendoek kalijan kepalingan karangan poenika: Ingkang soewaoe laré èstri waoe kanningkahaken déning tjang sepoehipoen angsal laré tangga doesoén, tanpa dipoentantoe (peksan), doemoeging endon pengantèn boten djodo. Poen Poni (pangantèn èstri) sampoen kerep késah dateng Dèli, nanging saben-saben saweg doemoegi dépo (Semarang) dipoentoe-toeti tjang sepoehipoen oetawi sémahipoen, toemoenten kabekta wangsoel. Nanging sareng pamitan ingkang kantoen poenika, pamitipoen badé ningali tjèmbèng pabrik Medari, djeboel èstoenipoen inggih badé miroeda, nanging saged toemoenten katangkep déning ingkang djaler, toemoenten kaglandang mantoe. Let sawatawis dinten poen Poni pamitan badé toewi sadèrèk poen dateng doesoén Geneng bawah Kedoe. Nanging tjang sepoehipoen sampoen mékani, boten angsal; kawoeningana sareng tjang sepoehipoen saweg njamboet damel wonten ing sabin, poen Poni nilapaken, toemoenten késah nggoeloeng wonten ing pèrèng ngantos doemoegi tiwas. Mitoeoer papriksaning poelisi terang manawi nglaloe. Sareng kirang langkoeng sampoen sadinten sadaloe saking késahipoen laré èstri, tjang sepoehipoen madosi pinanggih sampoen mekoengkoeng, wonten ing djoerang.

Èlöl saiki jèn ombjaké mono rak djaman kemadjoen! Nanging teka taksih katah lalampahan ingkang njandèkaken mèrek madjoe waoe. Tjebi sadèrèk, poenika sinten ingkang lepat? Temtoe kémawon kedjawi tjang sepoehipoen djawatipoen Poni, Panoentoen-panoentoening kawoela alit radi kirang anggénipoen paring ptedah bab saé lan prajoginipoen tjang laki rabi; dados sanadjan boten mambet mambet éntong iroes, meksa kadoelit awon. È, poenika pandemoekipoen mèrek kemadjoen lo!

Njarengi lalampahan poenika oegi; (nanging sanès wekdal) inggih taksih ing koekoeban kasebat, wonten tjang badé mantoe, nanging pengantènipoen èstri boten mawi katantoe, éndjing badé ningkahipoen, daloenipoen pangantèn èstri mirceda tanpa pepojan; djaman sapoenika oengsoem bistosipoen, boten kénging gemloewèh!

Sareng éndjing badé kanningkahaken pangantèn èstri moeraja datan kawistara! Sapinten lingsem lan wirangipoen pangantèn dalasan tjang sepoehipoen pangantèn djaler èstri, pandjenengan sadaja boten sami kekilapan, langkoeng-langkoeng para wreda anindita-anindita.

Toedjoenipoen mentas dados moekmin teller; dados mak ler boten étang larang kembang, sidagori dioendoehi koetjing-koetjing diraoepi, nabrak-nabrak pikantoe sami sanalika. La poenika sadèrèk, bangsa kita Djawi, doemoegi sapoenika taksih angsal tilaran poesaka: koetjing - koetjing diraoepi, kasijatipoen rak ageng; kaimbetan boehipoen moment teller!

Nanging, éling-éling dipoenéling, sadèrèk! Wonten ing kalangan kita

ISINIPOEN.

Missie toewin Zending—Miwaha Patih dalem Soerakarta I — Wohipoen idjab peksan—Pèngetan babagan panggaotan enz. — Bank Coöperatie Mardi Rahajoe ing Tjaroeban — Onderwijs Indonesia — Volksonderwijzer—Wah nggoejokaké—Boekoe ingkang katampi — Goentingan Pers — Wanita Kath. kalijan pandjangka enz. — Pakempalan woelanan kados adat saben — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Kilat tatit, tjemeti kawat
 Dewan 31 Mei 1931, kalawarti ing Mataram ingkang dipoenkemoedni t. M. R. Sayuti Loebis, ngewrat artikel „Ketel botjor” (blz. 112). Isinipoen:

a. Njarijosaken chotbah (preek)-ipoen pendita Sydney Whitehouse, satoenggiling „ketoea geredja” ing Inggris, wosipoen nalangsa ing manah, gandèng kalijan soewoenging Gredja

Koran waoe ladjeng njarijosaken kawontenan ing Indonesia: bangsa koelit petak ingkang katah sami boten mlebet Gredja. Manawi Ngahad malah foja-foja dateng padosoenan, sositèr, minoem, main kartoe toewin dansah.

Wasana ladjeng nggetoeni kita ingkang sami sregep dateng Gredja, temboengipoen:

Kasihana bangsa saja!
 Mereka djinak amat kegeredja boeat dengarkan itoe chotbah Bibel tidak maoe perbandingan dengan tindakannya itoe bangsa-bangsa dari mana datangnya itoe Bibel dan organisasi geredja itoe.

Kalau „toean-toean yang terpeladjar” kelihatannya tidak koendjoengi geredja sebagai bangsa kita report dan kesoesoe lekas-lekas ambil kerosi geredja!

Sekali lagi kasihana bangsa saja.
 Betoel-betoel sebagai apa yang ditoelis atau sering dioetjapkan oleh pers poeth yang sombang „Inlander yang misli biadab!”

Kalau tidak biadab lagi, tentoe sebagai bangsa Europa itoe tidak maoe koendjoengi geredja dan tidak maoe dengarkan chotbah bibelnya Pendita-Pendita Nasrani. Sedarlah siapa maoe sedar!

Koela goemoen sanget déné keblinger teka semanten. Poenapa Dewan gadah panganggep nglakoni ngibadah koewi goemantoeng bangsa lija. Goemantoeng bangsa koelit poeth?

Lan poenapa inggih njata koelit-petak-Kristen ing riki sami tebih saking Gredjanipoen? Enget: ing riki wonten Europeesche kerken. Lan enget: boten sadaja koelit petak poenika Kristen.

Manoet oekara-oekara ing nginggil Dewan sasat anetepaken „golongan Kristen itoe golongan Inlander yang biadab. Sebab, kalau tidak biadab lagi tentoe tidak maoe koendjoengi geredja enz.

Lo, sadèrèk! Kita poenika, tjara Dewan, Inlander yang biadab. Betèké dadi Kristen! Patoer kita Djawi, golongan Inlander biadab. Kaoem terpeladjar Kristen, Inlander biadab! Ingkang „tidak biadab” namoeng kantja Islam ing Dewan.

Ah, éman temen, déné ing kalangan kita wonten panganggep ingkang makaten. Dewan kènging mesakaken dateng bangsanipoen ingkang sami mlebet Kristen. Nanging tjara lan tandoeok anggénipoen mesakaken waoe sampoen njerikaken makaten poenika. Héh, ini djaman persatoean mananja. Djaman persatoean ingkang mitoeoeri: „Ajo bersatoe! Nanging akoe oedjanen ngolok-olok wong Kristen! Ngoeman-oeman, njewijah, ngasoraké. Adja ko-aro-biroel! Ja bèn dakèng-goné klèngangan endasé. Dak biadab - biadabné!” Apa koewat???

b. Ing Ketel botjor waoe wonten pérangan sineboet „Djokjakarta sadar.” oenglipoen makaten:

Dalam kabar kota dari s.k. Aksi yang terbit 5 Juni 1931 kita djoempai berita pendek berikoe:

„ kabar dari salah seorang yang boleh dipertjaja bahwa goeroe-goeroe sekolah kepoenjaan Missie Katholik dibawah pimpinanja Pastoor Struiter (Djokjakarta) telah mengeloarkan 20 orang goeroe-goeroe yang males mempeladjar Agama dan dimintakan pindah bekerdja disekolah goeperménan.”

Sekian kabar itoe! Komentar tidak perloe lagi. Mereka soedah masak roepanja, koki tidak keliroe lagi.

Tjoema maoe ikoei djedjanknja Mussolini yang hari ini sedang bermaharadja lela boeat menjapoe Katholik dari Itali dengan perlahan-lahan.

Salamat djalan toean-toean.

Makaten swantenipoen koran poenika. Boten perloe dipoentandoeki. Katrangan ing Sw. T. minggoe kapengker sampoen njekapi.

Sadèrèk! Temboeng koela dateng pandjenengan sadaja: „Kilat tatit lililweran! Tjemeti kawat!”
 Mangga dipoenwerdèni pijambak kémawon.

PRENDJAK MATARAM.

SAKING PAKEMPALAN.

KEMPALAN WOELANAN KADOS A-DAT SABAN.

Loegoenipoen koela lingsem badé ngatoeraken wartos poenika: „jak inggih sampoen nggali rekah.”

Kemis sonten ddo. 4-6-'31 watawis djam 4. Sadèrèk goeroe missie koekoeban Doekoen ngawontenaken papanggihankados adat saban (sawoelan sapisan) manggèn ing Vervolgschool, ngrembag bab tjélengan.

Loegoenipoen sampoen ragi dangoe wontenipoen, namoeng kêmawon ragi komprèn jèn katandang kalijan sanès-sanèsipoen by. Moengkid. Tempoeran enz.

Sakawit namoeng manasoeka: lan soepados saged toemindak, loemintoe saban woelan wonten ingkang njélengi kadamel harga moerah: sawoelan-woelanipoen nje-tangsoel (f 0,25 apesipoen). St. + H. R. boten wonten.

Réhning namoeng kanggé sakantja toeng-gil pangèn, wontenipoen namoeng pretjaja-pinretjajan. Ngèngeti tanpa wonten wawaton toewin pranatan ingkang keras toewin nekaneka saged lestantoen boten kéténg alit-alitan sampoen oentoeng (kanggé koela).

Tjatjahing warga sakawit namoeng 10. (sadasa) lan inggih namoeng sadasa poenika wontenipoen: kadjawi jèn pamoeanganipoen toewin ingkang wonten koekoeban Doekoen mindak - mindak poenika kilap. Warga samanten poenika waoe namoeng 4 (sekawan) ingkang patohan (tegesipoen boten pindah-pindah) déné sanèsipoen pindah, gantos, pindah gantos: la sapoenika ingkang 4 waoe tjalon itjal 1, poenika adjalari oegi sendeting agengipoen, kas. Sampoen dipoen-isis-in: koela atoeraken angkanipoen pèntangan angka kapital doemoegi titi-mangsa poenika (4-6-'31) wonten f 85lan (woloeng nadasa gangsalan), sareman f 9,91 1/2 (mèh sadasa). angka lo poenika ingkang wonten samboetan f 45lan (kawan dasa gangsalan) poenika waoe doemoegi titi-mangsa 4-6-'31. Tjalonipoen arta kas kapendèr f 18, + f 16 = f 34 (tingang dasa sakawan) margi pindah lan ssp. Ngèngeti djamanipoen: ngrika-ngrika saweg sami oreg pangrem-baging bab Crediet Coöperatie. Saking réka dajaniipoen salah kalih tiga sekawan kantja waoe, tjélengan kita ingkang sampoen wonten badé kabangoen (dipoen dados).

Sarana kadamel andeel (alit ageng) andeel ageng pangosa f 10 (sadasa), alit f 5 (gangsal roepijah) sarana katjil dangoen-goenipoen ping 10. Déné arta ingkang sampoen wonten tjélengan waoe kateroesa-ken: minangka panoembasing andeel saoen-gal-toenggaling spaarder, déné ingkang sampoen kagoengan langkoeng saking andeel ageng inggih kateroesaken dados djang-keping andeel kalih kirang pinten . . . ? déné ingkang kagoengan andeel alit kêmawon kirang, mangka kapéngin moendoet andeel ageng inggih kantoen mewahi katjil ping . . . ? Déné manawi sampoen sami loenas pamoeanditoenipoen andeel kantoen manasoeka: namoeng sasaged-saged inggih kedah moendoet andeel malih: botenipoen kapeksa njélengi apesipoen f 0,25; mbéndjng manawi sampoen djangkep sarenging andeel kénging dados andeel; (dados kados déné njaosi klonggaran dateng andeel houder). Manawi ladjeng moendoet andeel malih apesipoen kedah f 0,50, awit andeel alit regi f 5 - katjil dangoe - dangoenipoen ping 10.

Pambangoenipoen waoe kadjawi sarana dipoenwonteni andeel oegi dipoenwonteni St. toewin H. R. oegi dipoenwonteni pangrèh. Woedjoeding pangrèh: I. Pangarsa II hartaka ngrangkep panitra. toewin III Commissaris.

Pinangghing pilihan I pangarsa Hr. Reksaatmadja. II hartaka f panitra „Praptahandaja. III Commissaris. . . . dèrèng wonten. pangarsa badé malih.

Klompokipoen arta andeel waoe badé kapérang dados 2 golongan.

a. sapisan kanggé ndjagi aral ageng kati-tipaken wonten poendi . . . ?

b. sapisan kanggé ndjagi aral pedintenan. Déné arta ingkang kanggé ndjagi aral pa-dintenan manawi katah. Sapérangan oegi badé katiptaken. Ngèngeti katah-katah.

Kasesa peteng mesakaken sadèrèk ingkang tebih toer mawi njabrang lépèn, parepatan (papanggih) watawis djam 6,30 kababar-aken. Picoedji Asma Dalem Sri Jésoes toewin Déwi Marjah. Amin.

reportea
J. Koes.
pers section M.tl

Katholiek, sampoen sok ngagem poesaka kados ingkang koela atoeraken waoe: ambabajani sanget. Awit saweg kèratanipoen basa kêmawon: la wong koetjing, (terkadang ang-sal ingkang rémbès), teka dipoen-raoepi, tembé wingkingipoen inggih meksa taksih angglitis. Kang mangka tijang rarajatan poenika oeger sé-mahipoen ngantos ambradat, ngle-

boeraken djagad èstoe.

Sampoem-sampoem, radi kerowan-ang gèng koela ngobrol; boten langkoeng moegi sami ngegoengna pamengko, lan pangadjeng-adjeng koela para panoentoen-panoentoen kersaa paring imbetipoen kawroeh bab: Laki rabi; boten namoeng toemrap dateng ingkang terpeladjar-terpeladjar kêmawon, nanging doemoeginipoen sadèrèk koela paredèn oegi kaparingana barkah, soepados énggal saged andjoendoeng dra-djading kawoela Indonesia; jèn kantja koela paredèn dèrèng saged ngréntjangi mikoel sasanggènipoen para noeng-anoeng ing Indonesia, tangèh lamoen kita kadoemoegèn idam-idaman kita: bawa pribadial Sinerat Kembang aroem Djoeni 1931.

poen: DJAGABAJA.

ÈKONOMI.

PENGETAN SAWATAWIS BABAGAN PANGGAOTAN, KABOEDIDAJAN LAN PAGESANGAN.

Litaninipoen pelaboehan San Francisco para maos sampoen pirsja; (Sw. Tm. 8. Mei).

Tradjangipoen kantor - dagang, para noepiksa sampoen oeninga; (Sw. Tm. 15 Mei).

Sapoenika mangga sami maspa-dakaken dateng pangaleming tijang toemrap staat New York.

Ngalem, poenika tjara advertentie Amerika, boten mada. Ing Indonesia kerep wonten tjara oetawi adverte-tientie natjad golongan, tijang, da-gangan oetawi pakarjaning sanès; tjara advertentie ingkang saé boten makaten, nanging mligi ngalem oet-awi mblakakaken kawontenanipoen pijambak.

Ingang makaten waoe sepi moe-tawatos lan langkoeng ngresepaken. Nil mligi pijambak moengel: „kracht door openbaarheid” oetawi: sentosa marga blak.

Mila pantjèn makaten. Sinten poeroen blaka . . . temtoe roemas sampoen sembad, koewawa, kijatl

Koela sapoenika ngadep adverte-tientinipoen Niagara Hudson Power Corporation, ingkang Djawinipoen kanggé gampil: kaboedidajan kekoetan Niagara Hudson.

Kaboedidajan poenika oegi mawi sistem: ngalem. Ngalem sinten? Ngalem staat New York. Margi poenapa? Margi kaboedidajan waoe manggèn ing . . . staat New York; (U. S. A. kadadosan saking pinten-pinten staat, lan ingkang katah-katah namaning staat lan kradjani-ipoen boten sami, namoeng kaleresan staat New York kradjanipoen inggih New York; Chicago doemoenoeng ing staat California, Seattle doemoenoeng ing staat Washington; kita Washington doemoenoeng ing staat . . . jèn boten klèntoe: South Dakota).

Advertentie waoe wosipoen ma-katen: gilo, staat New York koewi apik, pakolèh, hawané apik, pada mrénéa, awit

(sapisan) kebak, tlaga, goenoeng, goemoek, alas lan papan sport; tjekaké jèn arep dianggo seneng-seneng: katog!

(kapindo) redja, awit sakoebengé staat maoe dienggoni 49% - ning kawoela sa-U. S. A. Lan: hawané apik, arang lalara; dadi jèn manggon ana kono mesti satitik wetoening doewit kanggo ragad dokter.

(kateloe) koeta kradjané woes katjeloe koeta soegih; bang-bang ing New York dadi kedoenging banda sa-Amérika Sarékat; lan tandané jèn staat New York ikoe soegih: mbajaré padjeng loewih 1/4-té padjeng kawoela sa-U. S. A. kabèh!

Indonesia sampoen saged mandjer gèndèraning persatoean, wonten ing P. P. I. I. Isteri Indonesia.

Sanadjan pergerakan kita para wanita dèrèng nama timbang jèn katandang lan pergerakaning para kakoeng, éwa samanten lampahing pergerakan wanita Indonesia kénging koela wastani santer, kénging kaadjeng-adjeng lelabetanipoen, mra-tandani bilih wanita Indonesia nger-tos dateng wadjiipoen. Para sadèrèk!

Ngliliring para wanita poenika mila perloe sanget. Wanita kados déné djoeroe panggoela-wen-tahing poetra, wanita kados déné goeroening poetra l. s. p. waoe kados ingkang sampoen kaandaraken sadèrèk No. 1 waoe.

Sapoenika: Wanita Katho-liké Djawi, sanadyan taksih sakedik tjatjahipoen, inggih boten poeroen kantoen, toemoet ngililir, toemoet goemréngah, awit kita nger-tos oegi, bilih Wanita Katholiek nggadahi sasanggèn ingkang sa-klangkang loehoer; ingkang kedah kita tindakaken!!!

Tangi lan goemréngahing Wanita Katholiek poenika satoenggiling pra-

(kapat) ragad séwan electrisch saka kaboedidajan Niagara Hudson moerah banget, loewih moerah ka-timbang kaboedidajan lija-lijané: Sanadjan njéwa satitik ija meksa olèn moerah.

(kalima) wragad momot apa-apa lan wragad toenggangan ija moerah: metoe sepoer, metoe dalan gedé, ngawang-awang lan mbanjoe.

(kanem) boetoe apa-apa lan arep jasa apa-apa, barang oetawa bakalé ora koerang, arep nekakaké metoe sepoer apa metoe kapal ka-bèh gampang.

(kapitoe) wong sing pada njam-boeté gawé pametoené gedé-gedé, andjalari pada nrima lan seneng.

Hara, poenapa boten sasat pirdoes! Kilap ing djaman malès poenika. Jèn para maos woeninga adverte-tientie ingkang kados makaten, poe-napa boten . . . kemetjer lan ke-péngin?

Ing rikoe katingal tjeta akalipoen tijang damel advertentie mawi tjara ngalem, toer ing semoe ngalem barang sanès; (indirect). Dados: nggoetoe lor kena kidoel, toer nggoetoe kopoewan mawi gaboes, tegesipoen: boten natjad tijang sanès, nanging ngalem, dados boten damel saking manah.

Awit boten sandé, waton tijang mlebet oetawi manggèn ing staat New York, temtoe ladjeng njéwa stroom electrisch saking Niagara-Hudson waoe.

Poenapa kaboedidajan poenika inggih sedija boeko-boeko kados kantor-dagang?

O, inggih, toer mawi sanget. Boten boeko kalih tigang warni, nanging kodèn! boten kirang saking 84 warni boeko ingkang kasedi-jakaken kanti lalahanan!

Kaboedidajan waoe mawi tjarijos makaten:

Manawi pandjenengan dados djoer-agan, é, inggih dados djoeragan

— III —

JEJASAN ÉNGGAL

POENIKA

sagedipoen madjeng

goemantoeng

„PANDJENEGAN”

SADAJA.

Penningmeester V. L. S.

2e. Convict

Moentilan N. I. S.

poenapa kêmawon, genah seneng manggèn ing staat New York. Awit wonten ngrikoe gampil pados ka-entoengan.

Mangga, boeko-boeko ngandap poenika koela atoeri milih, poendi ingkang sakinten kagem, mangké koela atoeraken tanpa wragad bar-ang-barang! déné adrès koela ma-katen.

Poenapa boten rontog pang-galihipoen para noepiksa jèn maos oekara kados makaten.

Dados advertentie waoe boten kaken lan semoe njodor kados-déné: soja tjap oedang, paling baik—van Henzen, je adres voor strooheiden! — weiger alle merken, behalve Jansen's Boter! lan sanès-sanèsipoen.

Advertentie waoe dados boten semoe njentak lan mréntah, nanging namoeng mligi tjrita, malah kados

satengah ndongèng: riri, aloes, mranani, mapan - mapanaken . . . mawi feiten ingkang njata: bab paos, pamedal, tjatjah - djiwa lan sanès-sanèsipoen.

Tijang maos advertentie kados makaten sampoen Kadimin ingkang dipoendongèngaken embahipoen ès-tri toer sareng sampoen tjotetel la-djeng dipensoekani pisang: awit, satamating advertentie ladjeng tawi brochure . . . gratis!

Tjara makaten poenika pante s katiroe: djangkep, tjeta, sakétja, loma!

Boten kados advertentie ngandap poenika:

Sekolah Inggeris pertjoema, keterangan boleh bertanja ke-pada: van Loo.

Advertentie nginggil poenika loma, tjekak, nanging pintjang, wonten anggota ingkang gotang, inggih poenika: adrèsipoen van Loo waoe! Dados klebet advertentie: goblog. Awit kita boten wonten, kampoeng sepi, nomer grija nihill

tjekak: kirang bab seserepan babakoelan. Kilap margi satengah oemoek, nginten jèn pijambakipoen sampoen kalokèng-rat-dobel-tigal

Dados: tjara Amérika makaten ingkang kampijoen boten namoeng boxen lan Cowboynipoen, nanging bab oebeding dagang sanjata lim-pad! gemblèngan! aloes!

Samanten roemijin. Andaja.

BANK COÖPERATIE MARDI RAHARDJA ING TJAROEBA.

Nalika soerja kaping 1 Juni 1931 ing dalemipoen sdr. M. B. Sastro-prawiro Beheerder Houtstapelplaats „Tan Liem Kongs” mentas damel parepatan ngrembag bab „B. C.” kadatengan tijang 19. Sasampoeni-ipoen sadèrèk M. B. Sastroprawiro ngatoeraken gènging panoeowon dateng sadaja ingkang sami rawoeh, pandjenenganipoen ladjeng neranga-ken maksoedipoen kita damel pa-kempalan waoe perloe kanggé mitoeloengi tijang ingkang kasese-p lintah darat, kita badé saged oewal saking sang lintah djangdji tijang-tijang waoe poeroen nggeboer ing „B. C.” inggih poenika sarana adjar gemi saha njinaoe njélengi saking sakedik ingkang ladjeng kénging kasambet dateng para leden.

Sdr. R. B. Satari ladjeng neranga-ken menggah ginanipoen „B. C.” waoe boten sakedik, djangdji para leden tansah toememen ngoedi ne-tepi wadjiipoen, sarta nerangaken menggah tegesipoen economie saha Coöperatie kanti pandjang, terang saha maremakan ingkang sami dateng. Ing daloe poenika sepi „B. C.” ladjeng lair kanti nama „Mardi Rahardjo”. Tijang 19 kasebat nging-gil sadaja mlebet dados warga, kanti perdjangdji mbajar jatra song-kongan sakedikipoen f5. (gangsal roepijah). kénging kabajar contant oetawi katjil kaping gangsal.

Sarehning kita bestuur sadaja taksih sami kekirangan ing bab poenika, mila panoeowonipoen para bestuur „B. C.” klajan sanget moe-gi para djempolan karsaa maringi pitedah saha panoeowon sarana wawasan ing Taman Swara Tama, moerih saéning gesangipoen „B. C.” waoe.

Kita bestuur „B. C.” saleresipoen namoeng koemedah - kedah sageda toeteloeng dateng koerbaning linta-h darat, nanging taksih kekirangan seserepan. Soemangga kiraka „Pa-tjar - Merah” temtoe karsa tjantjoet tali wanda bantoe gesangipoen „B. C.” saking katebihan, awit pakem-palan poenika badé moerabi kawoela alit ing Tjaroeban.

Noewoen koela. BLAWONG.

Tjaroeban 9 - 6 - '31.

SEKOLAHAN.

GOEROE DOESOEN MISSIE.

Sareng koela maos ing „Swara-Tama no. 17; lemb. II, „Goeroe Doe-soen Missie - Solo,” lan koela emat-emataken, saja dangoe saja bingah, déné ing Solo wonten papanggih-anipoen sadèrèk-sadèrèk goeroe doe-soen ingkang katoentoen sadèrèk Mantri goeroe. Serat waoe ± kénging koela tjekak.

I. Soepados Goeroe Doesoen Mis-sie katoentoen salah - satoenggiling Mantri Goeroe, saged kempal (K.W. Blitar).

II. Oesoel saking Blitar waoe da-dos (saged) nggoegah manahipoen sadèrèk - sadèrèk kita Goeroe Doe-soen Solo.

III. Saged madeg (ngempal) sarana katoentoen sadèrèk Goeroe Doesoen ingkang sampoen sepoeh.

I. Ing kita Ngajodja ± sampoen 2 taoen madegipoen pakempalan Goeroe Doesoen Missie, nanging

Schakelschool gadahanipoen „Johannes-Gabriël-Stichting” ing Wlingi betah goeroe kakoeng satoenggal wedalan H. K. S. Pranatan blandja etc. kados ing Goepemènan. Kanggé 1 Djoeli ngadjeng poenika.

Serat lamaran kakintoena dateng: Joannes-Gabriël-Stichting, Postorie, Kepandjen, Soerabaja.

tos saèstoe dateng pangoepakara waoe. Kosok wangsoelipoen, bilih boten mangertos, saged damel ka-pitoenan, mangka limrahipoen ban-sa kita tijang pri boemi taksih ki-rang saged dateng kawroeh waoe.

Katah oegi baji ingkang kaopa-kara boten mitoeroet pangadjaran, éwa déné saged wilodjeng ngantos ageng malah ngantos dados tijang sepoeh, nanging ingkang makaten waoe saweg nama kaleresan kêmawon. Milanipoen koela gadah pa-manggih ingkang makaten, djalaran: oepami ing satoenggiling panggénan (nagar) tjatjahing baji lahir sataoenipoen wonten 100 ingkang pedjah salebetipoen oemoer sataoen 25 idji. Ing sanès nagari katahing baji pedjah namoeng 6 oetawi kirang ing dalem 100 idji. Déné sababipoen warni-warni.

Nalika koela taksih sinaoe won-ten ing grija sakit (Semarang) di-poendongèngaken goeroe koela, ka-dos ing ngandap poenika:

Ing nalika taoen 1908 ing nagari Walandi tjatjahing baji ingkang pedjah radin-radin wonten 13% nanging sampoen wiwit 20 taoen kapara langkoeng doemoeginipoen

sametnipoen para W. K. waoe saèstoe peng-pengan sanget.

Sadatosipoen actienipoen para W. K. moerih saja djembar lan koentjaraning Kraton Dalem G. Jésoes poenika wontenipoen sam-poen wiwit soegeng Dalem Sang Kirstoes pribadi; la doemoegi sa-priki teksh teroes kêmawon, na-moeng kêmawon éwah tjaranipoen.

(badé kasambet)

BAB PANGOEPAKARANING BAJI.

(Soembangan saking satoenggiling Vroedvrouw).

Pangoepakara baji poenika boten sok tjanga ngertos, margi kedah dipensinaoe roemijin, boten béda kalijan kawroeh sanèsipoen.

Tijang èstri ingkang saweg gadah anak sapisanan, limrahipoen ing bab pangoepakaraning baji, kawoelang roemijn déning tijang sepoehipoen. Bab makaten poenika inggih saé. sok oegi tijang sepoehipoen manger-

sanget, para sadèrèk, awit kita ma-ngertos, bilih kadang kita W. K. bangsa sanès katah sanget lelabetanipoen ingkang ka. tjajosaken dateng Iboe P. Soetji.

Pangrasoel-kridanipoen para W. K. waoe saèstoe peng-pengan sanget.

Sadatosipoen actienipoen para W. K. moerih saja djembar lan koentjaraning Kraton Dalem G. Jésoes poenika wontenipoen sam-poen wiwit soegeng Dalem Sang Kirstoes pribadi; la doemoegi sa-priki teksh teroes kêmawon, na-moeng kêmawon éwah tjaranipoen.

Para sadèrèk!! Sampoen wadji-b kita para poetraning P. Soetji ngoedi moerih saja koentjaraning P. Soetji. Sampoen samestiniipoen para W. K. poetraning tn. missie ing tn. Indo-nesia ngadjengaken toemoet ngoedi moerih saja koentjaraning missie tn. Indonesia!!

Sapoenika bab babagan W. K. lan prakawis mbijantoe adjenging missie.

Manawi kita ngolak-alik boeko-boeko ingkang njariosaken babad-babadipoen P. Soetji, maos koran-koran nitik kawontenan-kawontenan kita para wanita temtoe mongkok,

sanget, para sadèrèk, awit kita ma-ngertos, bilih kadang kita W. K. bangsa sanès katah sanget lelabetanipoen ingkang ka. tjajosaken dateng Iboe P. Soetji.

Pangrasoel-kridanipoen para W. K. waoe saèstoe peng-pengan sanget.

G. G. Jhr. Mr. de Graeff medar sabda. (Politiek lan Economie.)

Tanggal 15 Djoeni 1931. Tapoek- ing Volksraad énggal. Volksraad Inlandsche meerderheid. Parepatan poenika dipoenboekani sosorahipoen lngkang Witjaksana Goernadoer Djéndral, dangoenipoen ngantos saedjam. Kantoen sapisan poenika, pandjenenganipoen medar sabda wonten Volksraad.

katen poenika sadaja panjamboet damel ingkang amrih kasambadaning papanggih waoe, langkoeng-langkoeng wonten ing wkdal re- kaos poenika, manoe leresepon pantes ing- lambara, sarta gandeng kalijan betahing bangsa toewin tanah, saestoe sanget amaédahi.

Makaten, kirang langkoeng soera- osing pangdikanipoen lngkang Witjaksana. Dados, roe- koening pinten - pinten golongan pinten - pinten parté, poenika ma- noe kajakinanipoen perloe sanget toemrap komboeling tanah lan bang- sa kita. Aos - ingaosan, pantjen paédah. Kita angadjengi karoekeo- nanipoen ngrika kalijan ngriki, oeger adadasar leres, barès, eerlijk, ndalan, nalar, sami-sami!

Wasana lngkang Witjaksana pa- ring wawarah ing babagan ékonomi, makaten:

(.) Dat wij ons bevinden in een econ- omische en daardoor moreele beproeving, anderzijds dat het vertrouwen in wat daar- uit voortkomen zal niet kan en mag worden aangetast. Elke crisis toch, zoowel in het leven van den enkeling als in dat van een laad of volk is niet minder, maar ook niet meer dan een periode van zuivering, van aanpassing aan nieuwe omstandigheden waar- in het afgeleefde in denkwijze, organisatievorm en weerstandsvermogen grotendeels afvalt, doch gezonde groei, lucht en licht krijgt om opnieuw uit te botten. Slechts wat hecht en echt is houdt door crisistijden heen stand. En daarom mijne heeren, kunnen wij ervan overtuigd zijn, dat ook dit, aan na- tuurlijke vruchtbaarheid en menselijke aanpassingsvermogen zoo rijk gezegend land stand op de toekomst sober in wenschen en be- hoefden, doch taal in wilskracht en volhar- ding in te gaan. Want zoo alleen kan op den duur weer toenemende welvaart de so- berheid verlichten waarin thans elkeen zich kloek en gelaten te schikken heeft.

Manawi kapendet soeraosipoen ing basa Djawi, pangdikanipoen G. G. waoe makaten:

Kita sami angleresi wonten salebeting pat- joben ékonomi lngkang margi makaten kita inggih ladjeng wonten salebeting patjo- ben batin. Sarta kapatjanan dateng poenapa- poenapa, lngkang badé toewoeh saking rikoe, boten saged lan boten kénging karisak. Djer, saban krisis poenika doenoeng- ipoen toemrap tijang satoenggal, bangsa oetawi tanah, boten kirang lan inggih boten langkoeng, kadjawi namoeng kala mangsa angleresikaken, kala mangsa andoenoengaken oet. amrenahaken wonten kawontenan éng- gal. Ing rikoe sadaja pikiran, dadapoeng- kating tatanan sarta daja pananggoeleng lngkang sampoen nama sepeoh gapoek aringkih, sapérangan ageng ladjeng rebah sarta ladjeng pikantoeok daja gesang, padang toewin hawa lngkang waras wiris, satemah saged amaradjak sami énggal. Namong lngkang santosa toewin toelén, poenika lngkang saged lana manawi katradjang ing kalamangsa krisis ékonomi. Margi makaten waoe, kita jakin sanget, tanah lngkang soe- gih margi kinradat loh sarta tetanjingipoen sami kadoenoeng kan ladjan saged ampan- aken oetawi ngatoelaken awakipoen kalijan kawontenan poenika, saestoe badé saged angregantjeng, lestantoen, wilodjeng, oeger kita sami kadoenoeng daja kasantosan ing tembé wingking sarwa pasadja sarwa ngirid ing sadaja kabatahan toewin saneda, kanti santosa bakoeh ing karep sarta pangodi. Awit, inggih namong makaten poenika saselot-selotipoen karahardjan lngkang mindak-mindak poenika angenteng-entengaken kaprasadjan lngkang ing sapoenkanipoen saban tijang sampoen anindakaken akanti tegoeh.

Toehoe wasijat lngkang kedah pinapoendi ing sadaja golongan poe- napa kémawon: koelit petak lan tjok- lat manis, Kilèn toewin Wétan!

Koela poepoedji moegi pangandi- kanipoen lngkang Witjaksana poeni- ka andajani soeboering gesang prasa- dja dateng pradja, kawoela, brajat joewin satoenggal-toenggaling tijang,

Kita dipoenlabrak poeroen kémawon déning malaisi! Tanpa paparah, tan- pa ngarah-arah, wentala, tegel! Kita, sapoenika boten kénging boten, pi- nekna nglampahi. Mila kita inggih sampoen wadjib angenoet pangadjak- ipoen malaisi Gesang prasadjal Irid, . . . ngirid!

Kumuningsaselé 15 Juni '31. Taklim, Patjar Mérah.

SAMPOEN SOEPÉ NGINTOENAKEN ARTA LENGGANAN SW. TM.

sadèrèk - sadèrèk pandjenengan ing- kang . . . Lan pantjen leres sanget sadèrèk kita Goeroe Doesoen poe- nika kirang sanget kasagedanipoen (ontwikkeling) katimbang kalijan sa- dèrèk sanèsipoen, samanten waoe jèn kanggé moelang ing sanès VOLKS- SCHOOL.

Nanging didikan 2 taoen poenika jèn pantjen poen Goeroe nggatosaken saestoe dateng didikan waoe, temtoe boten badé kèwedan anggènipoen ngetjakaken.

Malah piwoelang kalih tahoen poe- nika tirah katah sanget jèn namoeng kanggé moelang wonten ing seko- lahan Doesoen (Volksschool); sabab apes sinaoenipoen ± 6 tahoen won- ten ing angka II, 4 taoen oet. 5 lan tambah 2 taoen. Tjatjah (étangan) Volksschool doemoegi 1000 mangka poen goeroe nampi sanginggilipoen tjatjah 1000 ing 4 taoenan.

II. Sampoen saleresipoen K. W. Blitar poenika oesoelipoen damel oet. nggoegah manah kita sadaja. Na- nging saestoenipoen lngkang dipoen- goegah lngkang taksih kesekétjanan saré?

III. Sadèrèk pandjenengan lngkang sepeoh waoe mila tjonto saestoe. Mila mbok inggih sarèhné Ngajodja sampoen sawatawis lami madegipoen kempalan lan sampoen ngepang won- ten Kadisaba, Mendoet l.s.p. karsaa sadèrèk - sadèrèk Solo waoe ngem- pal dados satoenggal.

Oepami: Para sadèrèk Goeroe Doe- soen Goepmènan poenika satanah Djawi saged kempal wonten ing P. G. D. (Perserikatan Goeroe Desa). La ning rikoe oegi ngrembag bot ré- poting pamoelangan. Poenapa pang- gènan kita (Missie) lngkang toedjoe- nipoen langkoeng inggil, i. p.: „An- djembaraken Kraton Dalem” boten saged kempal??? Oetawi „boten saged roekoeh”???

Mila mangga para sadèrèk Goeroe Doesoen: Solo lan sanès panggenan, ngempala dados satoenggal; dados sabarians.

Wasana: jèn wonten klènta-klèn- toenipoen tetemboenganipoen kitir poenika moegi angagengna ing pa- ngkaksama. Lan atoe panowoen koe- la dateng sadèrèk Sbn. ing Banjoe- dana lan para panotoen sadèrèk- sadèrèk kita ing Solo.

Saking Goeroe Volkssch. Plaosan. M. V.

VOLKSONDERWIJZER.

Koela sampoen kerep mireng lan inggih ngawaki tetemboengan ing nginggil poenika. Ing ngriki koela namoeng badé ngedalaken lngkang dados kandoetan koela lngkang sampoen sawatawis lami, perloeni- poen jèn wonten sadèrèk lngkang karsa paring papadang, sageda ma- nah koela mantoen peteng.

Volksschool. Ing almanak - almanak kerep sanget wonten seratan maka- ten. Ing almanak wonten djawinipoen, jèn koela boten klintoe dados ing rikoe volks ateges ka- woela. Sapoenika (kandoetan koela lol) mitoeroet diploma wonten se- ratan Volksonderwijzer; onderwijzer temtoenipoen sampoen sami mangan- tos Djawinipoen. Volks mitoeroet ing nginggil kawoela. Dados jèn maka- ten kados - poendi temboengipoen Djawi lngkang saleresipoen. Goeroening kawoela poe-

napa goeroe désa.

Ing Kasoeltanan sampoen wonten goeroe lngkang pakempalanipoen na- ma P. G. K. (Pakempalan Goeroe Kasoeltanan). Ing Goepmènan: goe- roe désa (P. G. D.) sabab lngkang nragadi tijang doesoen srana won- tenipoen paos intilan, pangraos koela sampoen samestiniipoen. Mangsoeli: Volksonderwijzer waoe tegesipoen kados poendi? poenapa goeroe désa sampoen dados temboengipoen Dja- wi lngkang saestoe? Jèn sampoen inggih sampoen, jèn dèrèng kémawon moegi para sadèrèk lngkang saged karsaa njakra pepetenging kadang pandjenengan, sageda dados terang, padang, soemeblak.

Goeroe - goeroe ing Kasoeltanan wonten namanipoen. Sapoenika ka- dos poendi kanggé sadèrèk Volkson- derwijzer Missie. Volksonderwijzer poenapa Missie kados - poendi?

Gandeng lan rembag ing Swara- Tama no. 24 wingi poenika eind- examen N.S. wonten basa Mladjeng klebet hoofdvak. Wonten ing cursus inggih mawi basa Mladjeng, nanging kalebet hoofdvak poenapa boten; Swara-tama kaseboet nginggil won- ten lngkang moengel: awit hoofd- bestuur ing P. G. K. lngkang ngan- dikakaken: bilih nagari nginten oe- tawi mastani jèn kantja goeroe ka- soeltanan (doesoen), dèrèng (boten) gadah club moelangaken basa Mla- djeng.

Jèn makaten poenapa boten lang- koeng prajogi jèn piwoelang basa Mladjeng ing cursus dipoensoewak (sabab boten wonten kanggénipoen toemrap pamoelangan doesoen) di- poensantoeni Djawi oetawi sanèsip- oen lngkang migoenani.

Déné jèn kataksihaken, kénging poenapa oetawi kados - poendi sabab- ipoen déné Volksonderwijzer boten kapareng moelangaken basa waoe wonten ing pamoelanganipoen, ing- kang wonten ing cursus oegi ka- woelangaken. M.

V A R I A.

WAH NGGOEJOKAKÉ.

Wonten kantja lngkang sandjang dateng koela makaten:

„Ing Pogoeng (bawah Poerworedjo) won- ten satoenggiling kjai goeroe ngèlmoe Djawi. Anoeedjoe satoenggiling dinten kjai waoe matjoel wonten ing satoenggiling sabin ing- kang anker. Sareng pijambakipoen ngrata galangan, ing rikoe wonten kéwan anèh, woed, oedipoen mèmper boeloos, nanging mawi sisik kados sawer. Kjai waoe witjanten dateng kéwan waoe: „Ajo loenga, iki sawah arep dakgarap.” Kéwan boten ngertos dateng temboengipoen kjai waoe, tandanipoen kèn- del kémawon. Kjai witjanten malih: „Nèk ora gelem loenga, ajo pandeng - pandengan karo akoe.” Kjai waoe ladjeng meteleng mandeng kéwan waoe. Kéwan waoe boten kedép - kedép, malah pangraosipoen kjai, mri- pat kéwan waoe saja mindak ageng. Sarèh- ning makaten kjai roemaos adrih. Sanadjan adrih nanging dèrèng roemaos kawon. Ké- wan waoe ladjeng dipoenpatjoel kaping tiga. Ananging boten poenapa - poenapa. Woosanipoen kéwan waoe ladjeng dipen- sérok patjoel kapinggiling ing daratan (sanès ing sabin). Boten dangoe wonten tijang langkoeng, witjanten makaten: „O, nikoe ampoen sampéjan moenasika, malah sam- péjan saé - saé, mangké sampéjan rak soegih.” Kjai mangsoeli: „Ajah koela boten demen soegah - soegih.” Tijang langkoeng waoe tji- soipoen ladjeng itjal. Déné kjai waoe noen- ten mantoek. Kéwan katilar. Doemoeging grija, boten dangoe kjai waoe dipoenandeng kendoerèn dateng tangganipoen. Mantoek kendoerèn, badanipoen kraos boten sakétja ngantos dados lajatan. Salebetipoen dados lajatan, ing rikoe wonten sawer ageng dateng. Kjai soemerep wonten sawer dateng, njat ngadeg njandak gebag, kanggé ngge- bagi sawer waoe. Sawer boten pedjah itjal

nlesep ing roerengkoelan. Kjai saktipoen saja sanget. Daloenipoen pangraosipoen tijang - tijang lngkang sami nengani kjai waoe, ing ndiawi grija kados wonten soe- waranipoen segawon katah moebeng - moebeng ing grija. Éndjingipoen kjai waoe pedjah.”

Ing Pogoeng mila raji kerep wonten anèh - anèhan. Saweg roemijin poenika wonten sawoeng dateng saged mrimpèni. Wini- ngipoen poenika wonten maésa saged dados doekoen ngembari kjai Bedor.

D. S. TEONEOW.

(Para maos sampoen klintoe tempi, mastani jèn ing nginggil poenika kalamapan saes- toe. Mila leres manawi sadèrèk Teoneow mastani „nggoejokaké” Red.)

BOEKOE INGGANG KATAMPI.

Redactie tempi „Serat sekar ma- tjapat” djilid II kanggé pamoelangan Djawi ing pangkat nginggil, kara- nganipoen Mas Kartamidjaja, tjap - tjapan lngkang kaping kalih. Rinengga ing gambar déning J. G. Van Ingen, lan E. van Ingen - Reerink. Regi á f 0, 45.

Boekoe poenika margi saking rinengga ing gambar, ladjeng me- wahi sengseming moerid anggèni- poen sami maos. Wondéné isinipoen katah lngkang ngemot piwoelang saé. Toemrap pamoelangan goepmè- nan, prajogi jèn dipoenanggé. Toemrap pamoelangan kita Katoelik, Redactie mrajogèkaken nganggé boe- koe Katoelik, djalaran mendet te- toeladan saking wajang lan sasami- nipoen kados lngkang katjeta ing rikoe poenika toemrap tijang Ka- toelik kirang sreg. Dalasan toemrap tijang déné Katoelik oegi sampoen wantjinipoen, manawi moerid ka- mangertosaken bilih werkoedara ambjoer ing saganten poenapa poenika namoeng dodongéngan. Dados jèn goeroe nganggé serat poenika, sampoen kasoepèn nerangan- ken bab poenika, tjirosja jèn ing- kang dipoenpertokaken ing riki namoeng eliding dongèngipoen.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

VATICAN.

Encycliek énggal: „Quadrage- simo anno expleto”. Gandèng ka- lijian oemoeripoen „Rerum Novarum” sampoen djangkep kawandasa taoen Kg. S. Bapa Pius XI, karsa paring encycliek énggal „Quadragesimo anno expleto”. (Djangkepipoen kawanda- sa taoen). Nawala poenika boten namoeng taksih netepaken wawaton lngkang kaseboet ing „Rerum No- varum”, nanging kados déné sam- betipoen. Wawaton ing „Rerum Novarum” katjoendoeakaken kalijan kawontenanipoen sapoenika. Sasam- poenipoen ngandaraken kawontenan- ipoen gesang ékonomi ing sapoenika lngkang kirang maremaken, ladjeng paring srana kanggé ambéngkas memala waoe; kasoesian kedah kedah njoemrambahi ékonomi so- sial, kedah kawangsoelna malih.

Wakil Djepan. M. Joshizawa, Wakil Djepan wonten ing Quirinal (pradja Itali), sadèrèngipoen bidal wangsoel dateng Djepan, sowan

CORRESPONDENTIE.

Karangan lngkang sampoen katampi i. p. Abn. 143. L. J. Hèrnawa; Dalsa; Djabajaja lan D. S. Teoneow. Matoer noewoen. Ma- nawi papan sampoen sela, badé kapatjak. Sampoen dados pangalih. Wondéné sdr. Mandrawa soemangan pandjenengan inggih sampoen loemebet, lngkang poenika sanget noewoen. Nanging sarèhné ing samangké poenika gampil noewoehaken raos - pengraos lngkang kirang sekétja tok, milaniipoen ka- dos langkoeng prajogi, jèn boten kapatjak kémawon. Sampoen kapingpatoen.

Redaksi. Administrasi sampoen tempi saking H. D. Mac Gillavry reclame - brochure, lan saking firma Kolff „R.K. Boekengids.” Trima kasih. Administrasi.

sapoenika, tjatjahing baji lngkang pedjah sadèrèngipoen oemoer satoen namoeng wonten 6% . Déné sababipoen soeda poenika makaten: 1. Tijang éstri lngkang sampoen gadah sémah asring kapoerih si- naoe bab pangoepakaraing baji dateng verpleegster lngkang sam- poen saged dateng prakawis waoe.

2. Bilih anakipoen katradjang se- sakit, ladjeng énggal kapriksakna dateng dokter oetawi kabekta dateng poliklinik, sampoen ngentos manawi sampoen sanget.

3. Laré - laré lngkang badanipoen kera oegi ladjeng kabekta dateng poliklinik soepados kapriksa. Bilih sampoen dipoenpriksa te- téla laré waoe badanipoen ki- rang saras, inggih ladjeng di- poendjampèni. Kadjawi poenika ing poliklinik oegi saged nim- bangaken laré. Soepami anak- ipoen boten poeroen nesep, ladjeng énggal kémawon kaprik- sakna dateng dokter oetawi da- teng poliklinik.

Ing tanah Djawi tjatjahing baji lngkang pedjah katah sanget. Ing Semarang (kitaning malaria) nalika

taoen 1927 tjatjahing baji lngkang pedjah ing salebetipoen satoen boten kirang saking 24% . Ing Wel- tevreden 20% ing Bandoeng 16% . Tjatjah waoe saged kirang, bilih para iboe sami karsa sinaoe ing bab pangoepakaraing baji dateng para saged ing bab poenika.

Ing bab makaten poenika, ing grija sakit lan ing poliklinik tamtoe wonten vroedvrouw lan réka daja sanèsipoen saha ichtjar amrih kasa- rasaning badan, lan sadaja waoe ter- tamtoe badé kalamapan.

Para iboe kedah resikan toemrap sariranipoen pijambak lan poetrani- poen. Tangan lngkang badé kanggé ngasta baji kedah resik. Bilih baji poenika badanipoen katingal seger boten karoebeng ing sasakit, saban dinten kedah dipoen edoesi.

Patrapipoen ngedoesi baji.

Baji lngkang saras badanipoen saban dinten kedah dipoen edoesi sapisan, mawi toja anget lan mawi kasaboen. Nanging toemrap panggé- nan lngkang hawanipoen bentèr ke- dah kaping kalih. Toja lngkang pra- jogi kanggé ngedoesi baji, poenika toja soemoer boer oetawi toja ma- teng. Kanggé njoemerepi asrep ben-

tèripoen toja lngkang badé kanggé ngedoesi baji, poenika kénging ka- tjobi mawi èpèk - èpèkipoen, doegi- doegi baji saged tahan poenapa boten.

Saboen lngkang prajogi kanggé ngedoesi baji poenika saboen kin- der z e e p, nanging poenika regini- poenawis, déné lngkang kalebet mirah lan prajogi inggih poenika merk s u n- light. Poma sampoen pisan - pisan ngedoesi baji mawi saboen lngkang wangi sanget, poenika boten won- ten paédahipoen.

Sadèrèngipoen ngedoesi njepakna: waschkom ageng oet. èmbèr kanggé wadah toja anget perloe kanggé ngedoesi; waschkom lngkang raji alit perloe kanggé ngraoepi, ngre- siki bolongan iroeng, mripat saha koeping. Bilih boten saged ngawon- tenaken lngkang kados makaten waoe, pangaron alit oet. djembangan oegi kénging.

Sadèrèngipoen baji dipoen edoesi kori oetawi djendéla ing kamar ke- dah katoetoe, boten kénging, won- ten tijang mlebet medal perloenipoen soepados angin boten saged mlebet.

Panjimpenipoen pirantos adoes, kedah sanding patilemaning baji, oepami ng koersi oetawi ing bangkoe.

Manawi badé ngedoesi baji, tanga- ning bijoenipoen - kedah kakeom- bah roemijin lngkang resik mawi saboen lan kasikat, lngkang kang- génipoen mligi kanggé njikat tangan, bilih sampoen makaten ladjeng sa- weg kanggé ngedoesi.

Sadèrèngipoen baji dipoen edoesi. sandanganipoen kedah dipoen oe- tjoeli; sarta sarampoengipoen adoes, ladjeng dipoen andoeki lngkang ga- ring. Sasampoenipoen makaten si- rah saha rahinipoen ladjeng kasékaa, mripat saha tjangkempipoen kadjajja sampoen ngantos kalebetan toja saboen, awit toja saboen poenika adamel perihing mripat sarta raosi- poen pait sanget godohipoen koep- ing kedah dipoen resiki. Ladjeng njeloepna kapas oetawi soewékan resik oetawi lemes (waschlapje) ing toja saboen perloe kanggé ngre- siki tangan poeser weteng oetawi soekoenipoen. Sasampoenipoen ma- katen baji waoe ladjeng saweg ké- nging kagoejang.

Ing nalika baji kagoejang sam- poen ngantos koepingipoen kalebetan toja, mindak ndadosaken sakit ko- poken. Sasampoenipoen resik lan boten wonten saboen lngkang te-

mèmpèl ing badan, ladjeng kaentasa lan kakroekoep mawi andoek ing- kang resik, ladjeng dipoenandoeki ngantos garing. Poeser saha koeliti- poen baji lngkang pating klinting kedah dipoen andoeki lngkang ga- ring, soepados boten sakit koelit (mlètjèt) oetawi belaken.

Sasampoenipoen baji waoe dipoen- edoesi, ladjeng dipoen wedaki. Dé- né lngkang perloe dipoen wedaki bokong lan lempitanipoen koelit. Wedakipoen wedak aloes oetawi talk, lngkang kawadahan ing blèg mawi bolongan alit-alit. Anggèn- nipoen medakaken ing badan lngkang wradin, prajoginipoen mawi kapas, déné manawi sampoen kanggé la- djeng kaboetjal. Ing sarèhning kapas poenika awis reginipoen, kanggé tijang lngkang boten kijat toemba- s kénging mawi tangan kémawon. Ngedoesi baji poenika prajoginipoen sarengipoen nesep, bilih sampoen nesep, limrahipoen asring goemoh

Sasampoenipoen dipoendandosi, baji saweg kénging dipoensesepi. Baji lngkang sampoen koelina da- teng panggoela wentah lngkang sam- poen kaseboet ing nginggil, tilemi- poen tertamtoe saged sakétja.

Receipt ²

ER
ER
CEE

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poeth dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelai
f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja : klinting, pompa,
lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S.S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk:
ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking,
Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan
dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.Adres jang
moerahDJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swara Tama

dapat POTONGAN.

Frieling's Glansverf A

(tjèt gilap)

kantoen ngoesar-oesarakan kémawon, teroes kénging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa - blèg	9.—	4.75	2.50	1.10	0.60	

Kwaliteit (golongan) B,	sa - blèg 10 Kilo	f 6.50.
	5 Kilo	f 3.50.

Frieling's Verflak no. 1 sa - gendoel f 0.90.

no. 2 " " " 0.70.

Lisah tjèt Walandi " " " 0.50.

Byta kanggé ngitjali tjèt " " " 0.30.

Artistico Calcarium sa - Kilo " 0.75.

Glansverven (tjèt gilap) sabèn 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjèt R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.

Sampoén sedija papan pondokan kanggé LARÉ ÉSTRI INKANG SEKOLAH.

Sinaoenipoen dipoenolat-
oelataken sarta dipoen-
toentoen.

Wragad mondok lan neda:

f 15.—

Koela :

Hardjodiningrat,

Goenoeng - Ketoer,
Pakoe-Alaman, Ngajogja.

TOKO DJOEN & Co.

TELEF. No. 374.

MOEKA TOKO FUJI DJOCJA.

KITA POENJA

KOEWEEH² dan BARANG²

HARGANJA KITA KASIH TOE-

ROEN BANJAK, SILAHKEN

MINTALAH

PRIJSCOURANT.

Memoedjiken dengan hormat

DJOEN & Co.

dateng Vatacan, asrimbit. Garwa-
nipoen poenika poetri Katoelik
peng-pengan. Déné poetri - poetra-
nipoen sami manggih begdja, déné
sampoén saged tampi Koemini Sa-
pisanan saking astanipoen Kg. S.
Bapa pijambak.

NEDERLAND.

Jatra Vatacan énggal. Sri Maha-
Radja Wilhelmina sampoén tampi
sèri arta Vatacan saking Kg. S.
Bapa minangka pepenget medalipoen
arta waoe ingkang sapisanan.

PARANGAKIK.

Poenggawa moelang 700 nglam-
pahi retrèt. Ing taon 1922 ingkang
toemoet retrèt wonten ing Four-
vières namoeng wonten 24; sareng
taon poenika ingkang nglampahi
retrèt wonten ing Montpellier
goenggoeng wonten 700. Kawonte-
nan kados makaten poenika mesti
kémawon boten njenengaken dateng
para gegémbong ingkang ngoedi
itjalipoen babar pisan dadasar agami
saking kalangan sakolahan lan
panggoela-wentah.

INDONESIA.

SOMAITAN.

Njela atoe! Nama koela Thomas wiwit
taon '31 poenika koela kapareng seboetan:
Radèn ngabèhi Lontjeng-Somatha, panoeng-
gilanipoen sadèrèk Katoelik ing koekeoban
Somaitan. Manah koela kiraag djendjem,
sareng ing Sw. T. mentas wonten oeloek-
oeloek. Medari tansah toemandang! Margi
katah panjana saking katebihan, bilih So-
maitan: ingkang roemijin djadjahan Medari
lan ngajom dateng gendéra Medari ingkang
tansah tinandjir poenika oegi toemoet toe-
mandang. O, noewoen boten sadèrèk, So-
maitan boten gadah gendéra ingkang pantes
tinandjir ing samadyaning djagad Katoelik.
Somaitan sampoén pisah kalijan Medari;
menggah pisahipoen waoe boten margi So-
maitan sampoén kijat bawa pijambak, na-
nging margi kaadjak pisah oetawi kados-
poendi, koela kesoepe nalar sababipoen.

Nanging anggèn koela njela atoe poeni-
ka namoeng moegi-moegi para sadèrèk Ka-
toelik kagoengan welas dateng koela sa-
kantja ngriki.

Sapisahipoen Somaitan kalijan Medari,
kadang sepoeh Katoelik Somaitan prihatos
manahipoen, toemoenten mbangoen pakem-
palaan: bestuur dalah warganipoen pakem-
palaan waoe wonten 7; prijaogeng pitoe poe-
nika déné djempolan Katoelik, dèrèng naté
mangoel gendéra koelmèbet, nanging tansah
dipoen-goeleong tanda prihatos ageng.
Kadjawin panoeantoenipoen ngremimih andah-
anipoen ratjak tjang sekèng (mlarat), doe-
noengnipoen mrentja tebih-tebih Pakempalan
waoe kasoewoenan pangajoman dateng
Santo Antonius, sarta madegipoen let ± 3
minggoe saking pisahipoen kalijan Medari;
(tradjanganipoen nedak soengging Xaverius
Bodor).

Atoe koela dèrèng telas: oeger koela sa-
mi ada-ada damel woelangan agami (wonten
sekolahan Toeri), kaloerahan kanggé
woelangan sadèrèk koela ingkang ngagem
aksi, aksinipoen bis sapoenika (djor-djoran);
manjka sekolah Toeri poenika papanipoen
wonten ngadjeng kaloerahan. Réhning bis
waoe lampahipoen rikat, dados namanipoen
koela kirang terang, kados-kados wiwitan-
ipoen namanipoen aksara: m: moerdra, boen-
toetipoen aksara: d. Poenika woelangan
wonten sekolah Toeri sampoén tjeta. Ma-
lih, wonten doesoèn Kéringan poenika radi
goemoen koela: papan (grija) ingkang badé
koela anggé woelangan, poenika dipoen-
boeng sadèrèk kaseboet ngadjeng (lan inggih
angsal ingkang gadah papan) kanggé woel-
angan, elo taon '31 poenika teka temboeng
nadjis badé ngitjal lan bendara poelisi. Tam-
bah padamelanipoen ngoentrolè bis, ingkang
panoempanganipoen pangadatan katah ing ka-
witan, wasana ladjeng gembrang (poenika
wonten panggénan koela, kilap wonten pang-

génan sanès) teka inggih boten djelèh, lan
inggih kober, tjang sampoén koewadjaban-
ipoen.

Sampoén sadèrèk doemoegi samanten atoe
koela, ing salebeting prihatos oegi wonten
panglipoenipoen inggih poenika nalika Maart
poenika tjempé - tjempé Katoelik ing koe-
keoban Somaitan sampoén sami winisoeda
dados ménda Katoelik sarana siniram ing
toja Baptis. Toewin panglipoening manah
koela sakanjta ingkang ageng: pandjenengan
sada a temtoe badé ngerobi samodra kawe-
lasan srana toelada tenaga, pangandika toe-
win sembajangan.

Doctor énggal. Nembé poenika
pandjenenganipoen Rama J. van Baal
(Rector ing Moentilan), Rama L. van
Rijckevorsel (Rector ing Ambarawa),
Rama Th. Paimans lan Rama J. J.
van Rijckevorsel (kalih - kalihipoen
Professor Philosophie ing St. Ig-
natius-Coll. Ngajogja) sampoén tam-
pi idin saking Roem saladjengipoen
attitel: Dr. (ing Theologie lan ing
Philosophie). Kita andèrèk bingah.

Wangsoel saking Negari Wlan-
di. Dinten Djoemowah kapengker
pandjenenganipoen Ir. J.R.A. Schmut-
zer sagarwa poetra sampoén ngan-
tjik tanah Djawi malih, lan sapoeni-
kanipoen sampoén wonten ing Gan-
djoeran. Kita ngatoeraken soegeng
rawoehipoen.

Tjalon Imam babaran sapisan-
an. Seminari-Alit ing Ngajogja, ing-
kang tapoekipoen kala taon 1925,
sapoenika sampoén kalampahan
moentjoelaken ingkang sapisanan
Tjalon Imam 6 (nem idji): Tiga mle-
bet dados Jesoet lan tg. 7 Sept.
ngadjeng poenika ladjeng badé mi-
witi Noviciaat-ipoen wonten ing
wihara énggal ing Giri-Santa. Sa-
toenggal mlebet dateng Orde Car-
meliet, lan tg. 1 Djoeli badé bidal
dateng negari Wlandi perloe miwiti
Noviciaat-ipoen wonten ngrika. Sa-
toenggalipoen malih mlebet dateng
Congregatie Missionarisipoen Tyas
Dalem. Missionaris Tyas Dalem
poenika njamboet damel wonten ing
Nieuw-Cuinae, Kei, Selebes lan Dja-
wi-Tengah. Déné ingkang nomer 6
sapriki dèrèng kasoemerepan djang-
kanipoen. Moegi para Tjalon-Imam
waoe kaboela sedyanipoen lan jek-
tos dados Imam ingkang damel re-
nangan Panggalih Dalem.

Dados Soester. Kawartosaken
sampoén katampi dados Soester
Franciscanes wonten sadèrèk seka-
wan: Djawi 2, Wlandi 2. Andèrèk-
aken soegeng!

Grédja énggal. Woelan kapeng-
ker Grédja ing Tjitjalengka sampoén
binarkahan. Dados jèn rawoeh tjel-
lak ing rikoe sampoén soepé da-
teng wontening Grédja poenika!

KABAR OEMOEM. INDONESIA.

Volksraad.

Begrooting 1932 lan 1931 kirang.
Pareparan Raad Kawoela ingkang
kaping kawanwelas sampoén kata-
poekaken kala 15 Djoeni. Ingkang
Witjaksana medar sabda.

(— z e Oatjèn — Red.).

Rantjangan begrooting kanggé

taon 1932 ingkang kaadjengaken
dateng Raad Kawoela, anedahaken:

Kasil gewone ontvangsten lan
buitengewone ontvangsten rantjangan
wonten f 724.557.033. (... ge-
wone ontv. f 716.169.295, lan
buitengew. ontv. f 8.387.738).

Ingkang tjalon kawedalaken

f 849.304.694.

(— uitgave gewone dienst

f 807.610.107.

sarta uitgave buitengewone dienst

f 41.694.587).

Dados, rantjanganipoen tjalon

kekirangan:

gewone dienst: f 91.440.812;

bu tengew. dienst. f 33.306.849.

Goenggoeng tekort-ipoen begroo-
ting taon 1932 manoe! rantjangan

wonten f 124.747.661.

Déné kanggé begrooting 1931

poenika, manoe! pétangan tjalon-
ipoen tekort:

gewone dienst: f 134.606.000; déné

buitengew. dienst: f 37.446.000.

Kaseboet ing sabdanipoen G. G.

wonten Volksraad, lampah-lampah

pangiridan ingkang tjalon katindak-
aken ing taon 1930, bokmanawi

kémawon:

a. angindakaken paos loembeting

barang-barang. (invoerrechten).

b. paos lisah bénsin soewaoe f 7.50

sabèn sa H. L. kadadosaken f 9.—.

Saking a. lan b. poenika bokma-
nawi badé angsal indakan pamedal

9,4 miljoen.

c. ngindakaken opcenten inkom-
stebelasting lan vennootschapsbe-
lasting. (— Poenika kinten-kinten

saged ngindakaken pamedal f 6

miljoen).

d. Kadjawin poenika ngrantjang

wontenipoen vermogenbelasting, sarta

poenika sapoenikanipoen saweg

dados rembag.

e. Badé wonten ordonantie éng-
gal toemrap paos pamedal sarta

ordonansi waoe sakedap engkas

badé dipoentedahaken rembagipoen

Volksraad.

Warandaning ambtenaar.

Pranatan pènsjoenan.

Ing salebetingipoen zitting Volks-
raad sapoenika poenika, tjalon

angrembag oegi pranatan njoekani

arta pitoeloengan (pènsjoen) dateng

warandaning burgerlijke ambtenaren

ingkang déné bangsa Éropah. (Rede

G. G. wonten Volksraad 15 Djoeni).

Regeering kalijan Missie.

Kasangsaran Merapi.

Paréntah angaosi sanget dateng

pitoeloenganipoen Missie toemrap

lalabetanipoen anggèné angèntèng-
èntèngaken dajaning kasangsaran

maraj koerdanipoen Merapi (— Rede

G. G. 15 Djoeni).

Kasaraning kawoela.

Ing tanah Djawi.

Salebetipoen taon kapengker ka-
wontenaning kasarasanipoen ka-
woela (Priboeimi) ing tanah Djawi

lan Madoera katingal maremaken.

Tjatjahing tjang pedjah ratjak sa-
bèn séwoe wonten 18,1 diwa. Poe-

nika soeda tinimbang taon 1929.
(Rede G. G. 15 Djoeni).

Nederl. -Ind. Zending-Bond.

Oemoer 100 taon.

Kanggé amèngeti anggènipoen
Zendingbond oemoer 100 taon,
21 — 26 Sèptèmber ngadjeng poe-
nika ing Bandoeng badé wonten
konperènsi.

Ing salebetipoen saminggoe poe-
nika wonten sosorah-sosorah, déné
ingkang tjalon sosorah dr. H. Krae-
mer, dr. J. H. Bavink, dr. L. van
Doorn, Ed. Muller, saha dr. H. A.
van Andel.

Provinsi Djawi Wétan.

Boten njoeda bajar.

Manoe! tjarijosipoen Indische Crt.,
College van Gedeputeerden sasam-
poenipoen amawas serat ideran sa-
king nagari babagan njoeda balan-
djanipoen ambtenaar, ladjeng ane-
tèpaken taon poenika toemrap
ngrikoe saged ngirid mawi medal

margi sanès, amila taon poenika
kamanah dèrèng perloe anjowok
blandjanipoen ambtenaar-provincie
(provinciale ambtenaren). Bédjng
taon ngadjeng kémawon njoeda
blandja waoe katindakaken, déné
katabipoen sadasa persèk.

Pitakènipoen Mr. Fruin.

Bab Mr. Wormster.

Gandèng kalijan tandangipoen
Raad v. Justitie anggènipoen wgan-
ster oekoeman dateng Mr. Worm-
ster redaktoer „Preanger Bode”
soepados ambalakakaken sinten ing-
kang ngabaraken bab Indische lee-
ning, Mr. Fruin, warga Raad Ka-
woela miterang dateng paréntah
soeraosipoen makaten:

1. Kénging poenapa déné Mr.

Wormster dipoentjam oekoeman?

2. Poenapa paréntah boten ngroe-
maosi tjara makaten poenika dénéleresipoen kaetjakaken, toer dakwa-
nipoen dèrèng saged kasoemerepan.3. Kadjawin poenika poenapa bo-
ten perloe paréntah njoekani ver-
schooningsrecht dateng journalist,
langkoeng-langkoeng ing bab ma-
katen poenika journalist gadah wa-
djib ageng sanget boten ngleksanani

panedanipoen tjang ingkang nedya

njoemerepi sinten ingkang ngabar-
aken.

4. Poenapa paréntah boten badé

kedoewoeng, manawi margi makaten

waoe R. v. J. katetepaken dados
pangrisak ing wawadosipoen redaksi.

Moh. Hatta kalijan Partai Indonesia.

Kawartosaken, pandjenenganipoen
sadèrèk Moh. Hatta bédjng sa-
datengipoen wonten Indonesia boten
badé malebet ing pakempalan Partai
Indonesia ada - adanipoen Mr. Sar-
tana. Moh. Hatta kanggé sawatawis
wekdal badé anggeboer kémawon
wonten kalangan ékonomi lan on-
derwijs. (Siang Po).

Panggaotanipoen kawoela.

Dipoenadjengaken.

Soer. Hdbld. njarijosaken College
van gecommiteerden ing Regent-
schapsraad Malang, badé ngadjeng-
aken wontening soedijan waragad
kanggé ngadjengaken panggaotaning
kawoela. Anggènipoen ngadjengaken
rembag poenika, margi keboektèn
panggaotanipoen tetijang doesoèn
bawah Malang ingkang awarni
anam-anam, nenoen, ngoekir-okeir
lss. katingal sasat sampoén kesilep
babar pisan. Prakawis poenika tjal-
on karembag wonten parepatan-
ipoen Raad Kaboepatèn. (— Tan-
dang makaten poenika pantes inga-
lembana —).

MANTJA NAGARI.

ITALI. Vatikaan — Itali.

Itali sampoén amangsoeli nata Vatikaan.
Katjarjos ing wangsoelan waoe namoeng
anjarijosaken prakawis resesah poenika, na-
nging babar pisan boten neda ngaponten,
malah anggetoeni déné saking Vatikaan toe-
woeh panginten bedamèn Lateraan dipoen-
terak.

Panganggepipoen tetijang katah Vatikaan
amastani wangsoelan poenika boten mare-
aken, inggih sanadjan ing wangsoelan waoe
wonten raos ngadjak roekoèn. Makaten soe-
raosing tilgram 10 Djoeni.

Ladjeng manoe! tilgram ingkang kantoen-
kantoenan, sadjakipoen Vatikaan kalijan Itali

badé toentoem malih.

Ngarsa dalem Pius XI marengaken kèn-
delipoen onder-staatssecretaris Pizzardo ang-
gènipoen dados sesepoehing „Azione Catto-
lica”.Golongan Fascist nahan tjang tiga ing-
kang sami dinalih dados panoeantoening re-
resah nglawan Katoelik nembé poenika.

Vatikaan ngantepaken malih bilih „Azione

Cattolica” déné pakempalan poelitik.

Regering Itali nerangaken, badé ngalang-
alangi sampoén ngantos wonten démonstrasi

mingsah Paus malih.

NGATOERI PRIKSA.

Pondokan ing Moentilan taon poenika saged nampi.

No. I. tjalon moerid kl. I. H. I. S. 60.

No. II. moerid kl. II. kl. III. gangsal welasan.

No. III. tjalon moerid Schakelklas gangsal welasan.

Wragad pondokan f 8.50, bajaran sekolah manoe! prana-
tan negari.Presaben sadèrèngipoen tanggal 15 Juni. Moendoeta ka-
trangant dateng:

Radèn M. S. WAHJASOEDIBJA

Mantrigoeroe H. I. S. No. II. Moentilan D/M.